



Pou Piblikasyon Imedya: 10/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK GOUVÈNÈ MURPHY ANONSE KE SÈVIL MANJE
ALENTERYÈ VIL NEW YORK EPI NEW JERSEY PRAL ELAJI A 50 POUSAN
KAPASITE APATI 19 MAS**

Kounye a Vil New York nan 35 pousan pou sèvis manje alenteryè a; Rès Eta New York nan 75 pousan

Kounye a Vil New Jersey nan 35 pousan pou sèvis manje alenteryè a

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Gouvènè Phil Murphy anonse ke Vil New York ak New Jersey pral elaji kapasite sèvis manje alenteryè a 50 pousan apati 19 mas. Kounye a, restoran nan Vil New York ak New Jersey yo ap opere nan 35 pousan kapasite epi rès Eta New York ap opere nan 50 pousan kapasite. Sa vini apre anons Gouvènè Cuomo ki di ke restoran andeyò Vil New York yo pral elaji a 75 pousan kapasite apati 19 mas.

"Nan Eta New York, desizyon nou yo baze sou syans ak done epi bèss nan to enfeksyon ak to moun ki entène lopital yo yon fason kontinyèl ankouraje nou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "An patenarya avèk Eta New Jersey, n ap elai ouvèti sèvis manje alenteryè nou yo nan Vil New York a 50 pousan. N ap kontinye swiv lasyans epi reyaji kòm sadwa. Si nou kenbe enfeksyon an ba epi vaksinasyon yo ap ogmante, n ap kontinye rete devan nan kous apye kont ènmi envizib sa epi atenn limyè ki nan fen tinèl la ansanm."

Gouvènè New Jersey a, Phil Murphy, te deklare, "Nan New Jersey, nou pral kontinye avanse yon fason delibere, responsab, gradyèl, pandan n ap kite done sante piblik yo gide nou. Nou santi nou konfyans nan etap sa a lè nou teni kont de mezi amelyore nou te nan plizyè semèn ki sot pase yo alafwa nan New Jersey ak nan Vil New York, ansanm ak akselerasyon kontinyèl pwogram vaksinasyon nou an. Eta nou yo pral kontinye travay ansanm pou pwoteje sante anpil rezidan jan sa posib".

Ogmantasyon kapasite sa yo fè pati alafwa efò kontinyèl eta a pou relanse rekipasyon apre COVID epi revitalize ekonomi an. Depi lè sèvis manje alenteryè Vil New York la te re-ouvri 12 fevriye a, de peryòd enkibasyon COVID-19 deja pase san okenn ogmantasyon siyifikatif nan to enfeksyon ak to moun ki entène lopital yo. Kapasite elaji sa a sijè a konsèy estrik epi ofisyèl Eta yo pral kontinye re-evalye done yo. New Jersey te elaji sèvis manje alenteryè a pou dènye fwa nan dat 5 fevriye.

Pandan tan sa a, kantite moun ki entène nan lopital yo nan eta a te bese a plis pase 1,000 epi li te rete konstan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)